**दिन—शनिवार** **दिनांक—12.09.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

अठारहम ब्रिक्स शिखर सम्मेलन नव दिल्लीक भारत मंडपम मे शुरू भऽ गेल अछि। सम्मेलनक उद्घाटन सत्रकेँ संबोधित करैत प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी संयुक्त राष्ट्र सुरक्षा परिषद मे सुधारक आवश्यकता पर जोर देलनि। श्री मोदी कहलनि जे वैश्विक वित्तीय संस्था मे मतदान आ नेतृत्व व्यवस्था कँे वर्तमान आर्थिक वास्तविकताक अनुरूप बनयबाक आवश्यकता अछि। श्री मोदी कहलनि जे ब्रिक्स देश कँे अगिला बीस वर्षक लेल महत्वाकांक्षी एजेंडापर काज करबाक होयत। ओ ब्रिक्स निरंतरता आ कार्यान्वयन तंत्र बनेबाक प्रस्ताव देलनि, जाहिसँ अध्यक्षता मे बदलावक बावजूद समूहक संस्थागत गति बनल रहय। ओ वैश्विक शासन व्यवस्था मे सुधार लेल दस प्रस्ताव तैयार करबाक आ अगिला शिखर सम्मेलन धरि सुधारक रूपरेखा बनेबाक सुझाव देलनि।

---

दू दिवसीय ब्रिक्स शिखर सम्मेलन मे उभरैत अर्थव्यवस्था वला एगारह देश भाग लऽ रहल अछि। भारतक अध्यक्षता मे भऽ रहल ब्रिक्स बैठकक विषय अछि– ''**लचीलापन, नवाचार, सहयोग आ स्थिरताक लेल निर्माण।**'' सम्मेलनक दरमियान ब्रिक्स सदस्य देशक नेता वैश्विक शासन व्यवस्था, बहुपक्षवाद, व्यापार आ निवेश, प्रौद्योगिकी, खाद्य आ ऊर्जा सुरक्षा, स्वास्थ्य सेवा, आपदासँ निपटबाक क्षमता आ आवश्यक आपूर्ति श्रृंखला सहित कतेको विषयपर चर्चा करताह।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना में सेवा संकल्प अभियानक तैयारी आ एकर अंतर्गत होमऽवला कतेको कार्यक्रमक समीक्षा कयलनि। मुख्यमंत्री विभागवार तैयारी, कार्यक्रमक रूपरेखा आ सरकारक योजना सभ के आम लोक धरि पहुँचयबाक रूपरेखा पर चर्चा कयलनि। बैसक मे राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य उपस्थित छलाह।

---

पटना उच्च न्यायालय सहित प्रदेशक सभ अदालत मे आइ राष्ट्रीय लोक अदालतक आयोजन कयल गेल। लोक अदालतक लेल सभ जिला आ अनुमंडल न्यायालय मे विशेष पीठक गठन कयल गेल अछि। लोक अदालतसभ मे आपसी समझौताक आधार पर कतेको प्रकारक दीवानी आ किछु प्रकारक फौजदारी मामिलाक निपटारा कयल गेल अछि। ट्रैफिक चालान सँ जुड़ल मामिलाक सेहो निष्पादन लोक अदालतक माध्यम सँ भेल।

—————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार विभाग जमाबंदी मे सुधार लेल पैंतालीस दिवसीय विशेष अभियान चलाओत। विभागीय मंत्री डॉ. दिलीप कुमार जायसवाल जनौलनि जे एहि अभियानक दरमियान खाता, खेसरा, प्लॉट आ रैयतक नाम मे दर्ज त्रुटिकैँ दूर कयल जाएत। आवश्यकता पड़ला पर निःशुल्क जमीनक मापी सेहो कराओल जाएत। डॉक्टर जायसवाल जनौलनि जे शिवहर, लखीसराय, अरवल, शेखपुरा, आ जहानाबादक एक हजारसँ बेसी गाम कैँ सर्वे लेल शीघ्र अधिसूचित कएल जाएत।

—————————————————————

प्रदेश मे बाढ़िक स्थिति मे धीरे–धीरे सुधार भऽ रहल अछि। हालांकि एखनहुँ पन्द्रह जिलाक सतहत्तरि प्रखंडक पाँच सय पचहत्तरि ग्राम पंचायत मे लगभग अड़तालीस लाख लोक बाढ़िक चपेट मे छथि। बाढ़ प्रभावित लोक सभक लेल एक हजार दू सय पैंतालीस सामुदायिक भानस–केंद्र चलाओल जा रहल अछि। तेरह राहत शिविर मे सेहो प्रभावित लोक सभक लेल आवश्यक सुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। राहत आ बचावक कार्य लेल एसडीआरएफ के सत्ताइस आ एनडीआरएफ के दस टीम कतेको जिला मे तैनात अछि।

—————————————————————

प्रदेश मे मानसून कमजोर पड़ला सँ वर्षाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दमियान राज्यक किछु भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा दर्ज कयल गेल। सभ सँ बेसी चौवालीस दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा मुजफ्फरपुरक बोचहाँ मे रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक किछु भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षाक संभावना अछि।

—————————————————————

सीतामढ़ी मे अपराधी सभ जिला परिषद प्रतिनिधि बैद्यनाथ महतोक गोली मारि हत्या कऽ देलक। भोरे टहलबाक दरमियान दू मोटरसाइकिल पर सवार चारि अपराधी हुनका पर गोली चलौलक, जाहि मे घटनास्थले पर हुनक मृत्यु भऽ गेल।

समस्तीपुर जिलाक दलसिंहसराय के डैनी चौक लऽग एकटा तेज गतिक ट्रकक चपेट में अयला सँ साइकिल सवार एक छात्रक मृत्यु भऽ गेल। घटना सँ आक्रोशित लोक सभ सड़क जाम कऽ प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————

समाप्त